

Enfòmasyon Debaz sou Lojman Abòdab An Bref



The U.S. Department of Housing and Urban Development (HUD) (Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini) jeneralman defini lojman ki abòdab lè yon kay pa peye plis pase 30%, oswa jiska 40% nan kèk ka, nan revni brit masyèl yo pou depans lojman yo ki gen ladan frè sèvis piblik ak lwaye/ipotèk.



Kalite Lojman Abòdab

Mobile Section 8/Tenant Based Voucher (Koupon Mobil Seksyon 8/Ki Baze sou Lokatè)

Sibvansyon sa a swiv lokatè a epi tipikman li ka itilize nenpòt kote Ozetazini. Moun ki gen kupon an jwenn pwòp inite pa l ki dwe jwenn apwobasyon otorite/ajans lojman an.

Site Based Housing/Public Housing (Lojman Ki Baze sou Lokal/Lojman Piblik)

Tout inite nan bilding lan oswa devlopman an sibvansyone. Si lokatè a demenaje kite inite a, sibvansyon an pa swiv li.

Project Based Housing (Lojman Ki Baze sou Pwojè)

Gen kèk inite nan yon bilding ki sibvansyone men tout bilding lan pa sibvansyone. Si lokatè a demenaje, li pa gen yon sibvansyon.

Massachusetts Rental Voucher Program (MRVP) (Pwogram Koupon Lwaye Massachusetts)

Sa yo ka mobil/baze sou lokatè oswa baze sou pwojè. Koupon mobil yo ka sèlman itilize nan MA.

Lojman ki gen Restriksyon sou Revni

Egzije pou yon aplikan satisfè direktiv revni minimòm ak maksimòm yo.

Kiyès

Otorite Lojman

Pifò vil nan MA gen yon Otorite Lojman. Otorite Lojman yo resevwa finansman pou bon ak lojman sosyal atravè gouvènman federal la ak gouvènman eta yo. Otorite Lojman yo administre bon yo, finanse inite ki baze sou pwojè epi devlope epi kenbe lojman piblik/ki baze sou lokal.

Ajans Lojman yo

Regional Administering Agencies (Ajans Administrasyon Rejyonal yo) se ajans ki pa la pou fè lajan ki administre yon varyete pwogram sibvansyon lojman. Yo jere tou pwogram asistans finansyèl eta a, Residential Assistance for Families in Transition (RAFT) (Asistans Rezidansyèl pou Fanmi an Tranzisyon), epi yo gen plizyè lòt sèvis. Metro Housing | Boston se ajans rejyonal pou rezidan Cambridge yo.

Cambridge Housing Department (Depatman Lojman Cambridge)

Depatman sa a nan Vil Cambridge ofri inite lokasyon ak devni pwopriyete kay ki abòdab pou kay ki gen revni fèb, modere ak mwayen atravè divès pwogram.

Aplike pou Lojman Sibvansyone

Lojman Sibvansyone Federal ak Eta a. Anjeneral, li egzije pou yon aplikan gen yon revni egal oswa pi ba pase 50% nan Revni Medyàn Zòn nan (AMI). Gen kèk pwogram ki pèmèt yon aplikan gen yon revni ki rive jiska men pi ba pase 80% AMI a. Aplikan yo ka pa gen okenn revni pou aplike.

Gen 3 aplikasyon prensipal ke rezidan yo ta dwe ranpli lè y ap chèche lojman abòdab nan Cambridge ak ozalantou yo.

1. Cambridge Housing Authority (Otorite Lojman Cambridge, CHA)

Aplike dirèkteman nan CHA pou yon bon mobil Seksyon 8, inite ki baze sou lokal Cambridge ak inite ki baze sou pwojè Cambridge. <https://cambridge-housing.org/applicants>

2. CHAMP (Common Housing Application for Massachusetts Programs) (Aplikasyon Lojman Komen pou Pwogram Massachusetts)

Aplikasyon santralize pou tout lojman piblik ki jwenn finansman eta MA. Camb.ma/CHAMP

3. Centralized Section 8 Application (Aplikasyon Seksyon 8 Santralize)

Yon aplikasyon ki pral ale nan pifò otorite lojman nan tout eta a. Li pa ale jwenn Cambridge - aplike dirèkteman nan CHA. <http://www.section8listmass.org/>

Aplike pou Lojman ak Restriksyon sou Revni

Nòmalmman, lwaye a fikse a yon pri ki pi ba pase pri mache a. Gen kèk pwogram ki ka kapab diminye lwaye a, alòske gen lòt ki ka pa kapab.

Cambridge Housing Department

1. Gwoup Aplikan pou Lwaye

Yon sèl aplikasyon pou Inclusionary Rental Program (Pwogram Lwaye Enklizif) la (pou kay ki gen 50-80% AMI) ak Middle-Income Rental Program (Pwogram Lwaye pou Revni Mwayen) an (pou kay ki gen 80-120% AMI). <https://www.cambridgema.gov/CDD/housing/forapplicants/rentalapplicantpool>

2. Opòtinite pou Moun ki Achte Kay pou Premye Fwa

Enfòmasyon sou aplikasyon pou Homebuying Lotteries (Lotri Acha Kay), HomeBridge ak Homeownership Resale Pool (Gwoup Revann Pwopriyete Kay) la. <https://www.cambridgema.gov/CDD/housing/forhomebuyers>

Lòt Opòtinite Lojman ki gen Restriksyon sou Revni

3. Housing Lotteries and Low-Income Housing Tax Credit Units

(Lotri Lojman ak Inite Kredi Taks pou Lojman pou Moun ki gen Ti Revni) Depann de disponiblite. <https://search.housingnavigatorma.org/>



Konklizyon

Aplike pou lojman ka lakoz konfizyon epi li ka bay tèt chaje. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Biwo Housing Liaison (Lyezon Lojman) an nan: housingliaison@cambridgema.gov